



Pou Piblikasyon Imedya: 12/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL AK MAJISTRA ADAMS ANONSE 4.2 MILYON DOLA POU SIPÒTE ESPÒ EKIP JÈN YO ATRAVÈ VIL NEW YORK

*Fè pati kanpay "Dekonekte ak Entènèt, Ale Deyò" Gouvènè Hochul la nan tout eta a ki ankouraje timoun yo pou yo depoze telefòn yo epi pou yo pran plezi nan aktivite deyò pandan ete sa a*

*Fè pati "Ete Posibilite" Majistra Adams lan k ap selebre òf pandan ete Vil New York la*

Gouvènè Kathy Hochul, Majistra Vil New York la Eric Adams ak Komisè Depatman Jèn ak Devlopman Kominotè (Department of Youth and Community Development, DYCD) Vil New York Keith Howard te anonse jodi a 4.2 milyon dola nan sibvansyon eta pou bay pwogram espò ekip pou jèn yo, edikasyon espòtif, ak amelyorasyon ekipman atletik atravè Vil la. Apeprè 2.3 milyon dola te deja distribye epi yo resevwa yon lòt 1.9 milyon dola pou ete sa a pou sipòte 41 lòt òganizasyon kominotè, pifò ladan yo san kontra ki deja egziste ak vil la. Finansman an priyoreze katye ki istorikman pa jwenn ase sèvi yo, ki gen ladan sis katye pryoritè Depatman Polis New York (New York Police Department, NYPD) yo idantifye nan [Yon Plan pou Sekirite Kominotè](#), yon plan ki panse pou pi devan ak solisyon an amon pou adrese vyolans ak zam nan senk minisipalite yo. Pami founisè yo, disèt pral bay espò ekip pou tifi, senk sible jèn ki idantifye kòm moun ki pa binè, ak 19 jèn ki gen bezwen espesyal.

"N ap rann li pi fasil pou jèn nou yo depoze telefòn yo epi rete aktif atravè espò ekip jèn atravè Vil New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk sipò Majistra Adams, mwen pa ka tann pou wè plis jèn Nouyòkè dekonekte ak entènèt, ale deyò, epi jwi tout sa Vil la gen pou ofri pandan ete sa a."

Anons jodi a se yon pati nan kanpay ["Dekonekte ak Entènèt, Ale Deyò" \(Get Offline, Get Outside\)](#) Gouvènè Hochul nan tout eta a, ki ankouraje sante fizik ak mantal lè li ede timoun ak fanmi New York yo depoze telefòn yo, pran yon repo nan aktivite rezo sosyal epi jwi rekreyasyon ak rasanbleman sosyal deyò. Li fè pati ["Ete Posibilite"](#) Majistra Adams lan tou, yon selebrasyon [òf ete](#) Vil New York nan yon moman kote krim bese, travay yo ap ogmante, ak Vil la pi fasil pase lè Administrasyon Adams lan te antre an fonksyon.

**Majistra Eric Adams, te deklare,** "Espò plis pase yon aktivite amizan; yo bay yon espas ki an sekirite pou jèn nou yo pandan jou ete yo pou aprann sou travay ann ekip, kolaborasyon, ak lidèchip. Gras ak Sibvansyon Eta ki gen plizyè milyon dola sa a, katye ki pi bezwen sipò yo pral nan premye liy envestisman enpòtan nan plis pase 40 òganizasyon lokal ki baze sou kominote yo. Ete sa a, mwen swete tout fiti all-stars ak chanpyon nou yo bòn chans, epi se pou pi bon ekip la genyen!"

**Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York, Doktè DaMia Harris-Madden, te deklare,** "Spò se yon zouti efikas pou angaje jèn yo nan aktivite sosyal pozitif ki amelyore kwasans ak devlopman yo. Sibvansyon spò pou jèn sa yo ede asire ke tout jèn gen aksè ak pwogram ki ankouraje entèraksyon an sante ak travay an ekip, ansanm ak bati sante emosyonèl ak fizik. Mwen kontan anpil paske Vil New York ap angaje patnè nan kominote a pou sipòte inisyativ espò pou jèn yo."

**Komisè Depatman Jèn ak Devlopman Kominotè Vil New York la, Keith Howard te deklare,** "Jwe tounwa baskètbòl ak gran frè m nan Jimmie, Jr. pandan m te grandi nan Bronx ak pandan kolèj te anseye m valè espò ekip ki ale odela teren an. Mwen te aprann sou disiplin, travay ak lòt moun, konfyans nan tèt mwen, ak vin yon lidè. DYCD fyè dèske li te ede sekirize sibvansyon eta sa yo pou patnè kominotè nou yo atravè senk minisipalite yo epi li bay jèn yo 'Ete Posiblite' pa yo. Mwen rejwenn Gouvènè Hochul, Majistra Adams, Direktè Biwo Espò, Byennèt, ak Rekreyasyon Majistra Jasmine Ray, Senatè Jamaal Bailey, ak 41 founisè nou yo pou n deklare: Ale ekip yo!"

Finansman sa a fè pati yon pi gwo envestisman nan pwogram espò pou jèn nan tout eta a. Gen yon total 15 milyon dola disponib atravè de sous finansman nan kad [Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi \(Office of Children and Family Services, OCFS\) nan Eta New York](#). Nan Vil New York, finansman espò pral kreye opòtinite pou jèn ki poko gen 18 ane entegre:

- Kominote ki istorikman pa gen ase resous yo.
- Katye ki fè eksperyans pi gwo pousantaj krim ak vyolans ak lekòl ki gen pèfòmans ki ba.
- Kominote ki gen gwo pousantaj lojman piblik ak/oswa fanmi sanzabri yo.
- Kominote ki majinalize oswa gwoup ki gen pi gwo baryè pou patisipasyon nan espò ekip (pa egzanp, jèn ki gen andikap; tifi; jèn transjan/sèks ki pa binè; ak jèn ki idantifye kòm madivin, masisi, biseksyèl, oswa k ap poze tèt yo kesyon).

Espò ak aktivite ekip yo enkli volebòl, breakdance, foutbòl ameriken, cheerleading, natasyon, lakròs, skateboard, pickleball, baskètbòl, bezbòl, foutbòl, krikèt, patinaj atistik, gòlf, lit, jiu-jitsu, ak bowling.

Espò ak aktivite ekip yo enkli volebòl, breakdance, foutbòl ameriken, cheerleading, natasyon, lakròs, skateboard, pickleball, baskètbòl, bezbòl, foutbòl, krikèt, patinaj atistik, gòlf, lit, jiu-jitsu, ak bowling.

Y ap distribye alokasyon yo atravè Depatman Jèn ak Devlopman Kominotè (DYCD) Vil New York la. Ou ka gade lis konplè moun ki resevwa prim yo [sou entènèt](#).

**Senatè Et a, Jamaal T. Bailey, te deklare,** "Mwen gen anpil apresyasyon pou devouman, travay di, ak angajman san fay Gouvènè Hochul, Majistra Adams, ak ekip Depatman Jèn ak Devlopman Kominotè Vil New York la mete nan sipòte ak nourri jèn nou yo. Mwen pasyone pou bay timoun ak jèn adilt opòtinite pou yo patisipe nan espò — espesyalman san presyon finansye. Mwen fyè dèske m te esponsò pwojè lwa orijinal yon pwogram ke yo te mete nan Bidjè Eta nou an, epi pou dezyèm ane a, m kontribiye nan alokasyon 10 milyon dola pou yon pwogram Sibvansyon Espò pou Jèn yo nan tout eta a. Mwen kontan anpil sou aplikasyon Espò pou Ekip Jèn yo, ki pral fè gwo pwogrè nan bay sipò nesèsè. Espò pou jèn yo pi plis pase konpetisyon atletik — yo anseye travay ann ekip epi yo bay yon plan pou lavi sou fason pou akonpli plis ansanm kòm lavi a se espò ekip final la. Mwen kontan dèske mwen te jwe yon wòl nan fè plis jèn nou yo prepare pou lavni an pa mwayen ekselans nan espò ekip jèn yo."

**Direktè Biwo Espò, Byennèt, ak Rekreyasyon Majistra, Jasmine Ray, te deklare,** "Antanke yon moun ki bay aktivite espòtif nan pak piblik nou yo pandan plis pase 15 ane, mwen te fè eksperyans pèsonèl wòl enpòtan finansman jwe nan dirabilite ak kwasans òganizasyon ki baze nan kominote yo (community-based organizations, CBO). Mwen te gen chans pou m te gen sipò Konsèy Vil la atravè inisyativ finansman diskresyonè a, ki te esansyèl pou sivi ak siksè òganizasyon mwen an. Sipò sa a te pèmèt mwen sèvi plis pase 2,600 jèn pandan manda mwen kòm PDG nan United States Wallball Association. Pou m pale klèman, lè nou envesti nan jwèt, nou fasone avni nou an. Espò sèvi kòm yon zouti prevansyon krim epi ankouraje kominote ak travay ann ekip. Nou tout konnen benefis yo, epi se moman pou nou asiye plis resous pou sa. Envestisman Majistra Adams, Gouvènè Hochul ak DYCD sa a souliye angajman administrasyon nou an pou kenbe jèn yo — sitou sa yo ki nan kominote ki gen gwo risk — aktif, an sante, ak angaje pozitivman pandan yon peryòd kritik nan lavi yo. Mwen trè fyè pou m kanpe ak sipòte efò Komisè Howard ak Majistra Adams pou ranfòse CBO lokal yo. Bravo!"

**Komisè NYPD Edward A. Caban te deklare,** "Youn pami pi bon zouti nou genyen pou konbat vyolans nan Vil New York se kapasite nou pou angaje jèn yo nan aktivite lwazi, sitou pandan mwa ete cho yo lè nou te wè yon fason istorik ogmantasyon krim. Sa a se youn nan plizyè fason gason ak fanm nan NYPD travay chak jou pou kenbe kominote nou yo an sekirite epi amelyore kalite lavi nan chak katye, nan chak minisipalite."

**Komisè MOPD NYC, Christina Curry, te deklare,,** "Asire ke tout jèn, kèlkeswa kapasite yo, gen aksè ak espò ekip ak aktivite lwazi se yon pati nan angajman nou anve enklizivite. Sibvansyon sa yo pral non sèlman bay resous esansyèl men tou ap ankouraje yon sans apatenans ak otonomi pou jèn ki gen andikap atravè vil la. Lè nou

sipòte espò ekip pou jèn ki andikape yo, n ap defann dwa yo genyen pou yo patisipe, pwospere, epi jwi tout gam òf ete yo nan NYC."

**Sideya Sherman, Direktris Aksyon ak Komisè Biwo Ekite & Jistis Rasyal Majistra Vil New York la, te deklare,** "Espò an ekip yo enpòtan anpil pou pèmèt jèn yo rete aktif, fè koneksyon ki gen sans, epi devlope konpetans an lidèchip ki pote transfòmasyon. Nou kontan dèske investisman sa a nan pwogram espò ak rekreyasyon pral imedyatman afekte jèn yo ete sa a. Lè nou priyore kominote yo ki istorikman te manke resous ak majinalize, nou ka asire ke plis jèn, kèlkeswa idantite yo oswa kòd postal yo, ka jwi ete aktif, ki ranpli ak lajwa ak posiblite."

Gouvènè Hochul [te lanse](#) kanpay ete "Dekonekte ak Entènèt, Ale Deyò" la pou ankouraje sante fizik ak mantal lè li ede timoun ak fanmi New York yo depoze telefòn yo ak òdinatè yo, pran yon ti repo nan rezo sosyal yo, epi jwi rekreyasyon ak rasanbleman sosyal deyò. Gouvènè Hochul te lanse kanpay la lè li te anonse ke Eta a ap renonse ak frè pou antre nan pisin nan Pak Eta New York yo ete sa a. Nan Bidjè ane fiskal 2025 la, Gouvènè a [te sekirize](#) 150 milyon dola pou elaji aksè ak opòtinite natasyon ki an sekirite pou Nouyòkè yo kòm yon pati nan inisyativ NY SWIMS li a – pi gwo investisman nan tout eta a nan natasyon depi Nouvo Deal la. Nan kad selebrasyon Santènè Pak Eta New York, Gouvènè Hochul ap [ankouraje](#) Nouyòkè yo soti deyò epi selebre 100 ane Sistèm Pak Eta a nan evènman yo pandan tout ete a. Gouvènè a tou dènyèman [te siyen lejislasyon](#) pou ede ogmante aksè ak Pak Eta a, enstalasyon lwazi ak sit istorik yo.

Soti nan pi gwo lari ete yo ak pwogram restoran ouvè yo rive nan orè Ete k ap Ogmante yo, nouvo sant refwadisman ak investisman nan pisin atravè vil la, Administrasyon Adams la ap kontinye asire ke pa janm gen yon pi bon moman pou jwi ete nan Vil New York. Nouyòkè yo ka vizite sit entènèt [Ete Posibilite](#) a pou jwenn plis enfòmasyon sou evènman kiltirèl ak pak, plaj ak pisin ki ouvri gratis, ansanm ak sal anbochaj, aprantisaj, opòtinite volontè, ak plis ankò.

Ane pase a, plis pase 500,000 moun te mache, kouri, monte bisiklèt, oswa jwe nan Summer Streets (Lari Ete) nan premye ane pwogram nan ki te fonksyone nan tout senk minisipalite yo. Pwogram ane sa a pral reprezante vèsyon Summer Streets ki pi anbisyè a depi lansman li an 2008 epi li kontinye konsantre sou pwopaje pwogramasyon an yon fason ekitab nan tout vil la. Summer Streets ap retounen pou senk samdi soti 27 jiyè jiska 24 out. Wout san machin yo rete menm jan pou senk minisipalite yo — eksepte yon nouvo wout k ap lanse nan Staten Island. Ou ka jwenn plis detay sou chak wout anba a epi [sou entènèt](#).

Majistra Adams ak Komisè Depatman Afè Kiltirèl (Department of Cultural Affairs, DCLA) Vil New York la, Laurie Cumbo te mete aksan sou yon [seri evènman gratis](#), festival, espektak, ak lòt pwogram kiltirèl ki disponib pou Nouyòkè yo pandan move tan an kontinye ap chofe. Vil New York sipòte pifò nan pwogram kiltirèl sa a pou yo ka gratis, ouvè, ak aksesib pou tout Nouyòkè ak vizitè yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)